

## **TITLE IX RÈGLEMAN AK KESYON MOUN POZE SOUVAN**

Title IX Amanman konsènan Edikasyon 1972 ["Title IX"] endike nan pati prensipal li a:

Okenn moun Ozetazini pa dwe, pou rezon sèks, wè yo retire patisipasyon yo, yo refize ba yo avantaj oswa yo sibi diskriminasyon nan nenpòt pwogram oswa aktivite edikatif ki jwenn asistans finansye Federal.

### **Entèdiksyon Diskriminasyon sou Baz Sèks**

Selon Title IX, règleman aplikasyon li yo, ak lòt lwa federal ak eta a sou dwa sivil ak lit kont-diskriminasyon, Distri Lekòl Piblik Norwalk la ["Distri a"] pran angajman pou l bay yon anviwonman travay ak aprantisaj ki san diskriminasyon ki baze sou sèks, tankou asèlman seksyèl ak vyolans seksyèl. Selon angajman sa a, Distri a pa fè diskriminasyon, ni li pa pral tolere okenn diskriminasyon konsa, sou baz sèks nan nenpòt nan pwogram oswa aktivite edikatif oswa nan kad travay li.

Entèdiksyon Title IX kont diskriminasyon nan nenpòt pwogram edikasyon oswa aktivite Distri a ap aplike ni pou elèv ni pou anplwaye yo. Kesyon ki gen rapò ak siyifikasyon, aplikasyon, ak nenpòt swadizan vyolasyon Title IX yo, yo ka voye yo bay Kowòdonatè Title IX Distri a.

### **Kowòdonatè Title IX DISTRI A**

Barbara Namani  
125 East Avenue, Room 335, Norwalk CT  
Imel: [namanib@norwalkps.org](mailto:namanib@norwalkps.org)  
Telefòn: (203) 854-4015

Kowòdonatè Title IX yo prezan tou nan chak lekòl, pou ou konnen kiyès ki kowòdonatè Title IX lokal la, tanpri gade lyen "Kowòdonatè Title IX (Title IX Coordinator)" sou sitwèb nou an.

Yo entèdi yon fason fòmèl pou gen zak vyolans kont tout moun ki ak bon volonte yo depoze yon plent pou akizasyon diskriminasyon seksyèl, asèlman seksyèl, oswa vyolans seksyèl, epi tout anplwaye oswa elèv nan Distri a yo jwenn ki te patisipe nan zak vyolans yo pral sibi sanksyon disiplinè, ki ka rive jiska nan revokasyon pou anplwaye yo ak ekspilsyon pou elèv yo.

Biwo Dwa Sivil Depatman Edikasyon Etazini ["OCR"] fè respekte Title IX la, epi demann enfòmasyon yo oswa plent yo kapab tou soumèt bay Sekretè Adjwen Dwa Sivil la nan Depatman Edikasyon Etazini an.

<https://www2.ed.gov/about/offices/list/ocr/complaintintro.html>

Sekretè Adjwen Dwa Sivil

Biwo Dwa Sivil nan Depatman Edikasyon Etazini (U.S. Dept. of Education Office for Civil Rights)  
400 Maryland Ave., SW  
Washington, D.C. 20202-1100  
1-800-421-3481; 1-800-877-8339 (TDD)  
[OCR@ed.gov](mailto:OCR@ed.gov)

Règleman ak pwosedi Distri a pou trete, ankete, epi reponn rapò ak plent diskriminasyon ki baze sou sèks, ki selon Title IX la gen ladan asèlman seksyèl ak vyolans seksyèl, etabli pou respekte Title IX ak règleman aplikasyon li yo nan dat 14 Out 2020. Si nan nenpòt moman, règleman ak pwosedi Distri a an konfli ak Title IX oswa règleman li yo, Title IX ak règleman li yo ap gen priyorite.

## **KESYON MOUN POZE SOUVAN SOU TITLE IX**

### **Ki sa yon Kowòdonatè Title IX ye?**

Selon Title IX, Distri a te chwazi yon Kowòdonatè Title IX pou Distri a pou kowòdone ak sipèvize aplikasyon Title IX ak règleman li yo nan Distri a. Nan chak lekòl genyen tou yon Kowòdonatè Title IX.

### **Kiyès yon Kowòdonatè Title IX ye?**

Pou jwenn yon lis Kowòdonatè Title IX yo nan chak lekòl tanpri gade "Kowòdonatè Tit IX (Title IX Coordinator)".

### **Ki moun ki ka kontakte Kowòdonatè Title IX la?**

Nenpòt moun ka rapòte yon diskriminasyon sèksyèl, tankou asèlman sèksyèl, bay Kowòdonatè Tit IX la, menmsi moun ki fè rapò a se moun ki swadizan viktim yon konduit ki ka reprezante yon diskriminasyon sèksyèl oswa asèlman sèksyèl.

### **Ki jan mwen ka kontakte Kowòdonatè Title IX la?**

Moun ki rapòte diskriminasyon sèksyèl yo, tankou asèlman sèksyèl, kapab kontakte Kowòdonatè Title IX la an pèsòn, pa lapòs, nan telefòn, oswa kourye elektwonik -- itilize enfòmasyon kontak ki endike anwo a -- oswa pa nenpòt lòt mwayen ki ka pèmèt Kowòdonatè Title IX la resevwa rapò vèbal oswa ekri ou a.

Byenke premye rapò yo ka fèt vèbalman, yon plent fòmèl dwe fèt alekri anvan Distri a kapab swiv epi mennen ankèt sou li. Plent fòmèl la ka mete alekri swa grasa moun ki fè plent lan oswa grasa Kowòdonatè a lè li resevwa plent vèbal sa a epi li siyen plent alekri a nan non moun ki te swadizan viktim asèlman sèksyèl la.

### **Ki lè mwen ka kontakte Kowòdonatè Title IX la?**

Ou ka voye rapò yo bay Kowòdonatè Title IX la nenpòt ki lè, itilize nimewo telefòn nan epi pale swa ak Kowòdonatè Title IX la, ak asistan administratif Kowòdonatè a, oswa lè w kite yon mesaj vokal, oswa lè w itilize adrès imel Kowòdonatè Title IX la, oswa nan lapòs tradisyonèl nan adrès biwo ki nan lis pou Kowòdonatè Title IX la.

### **Ki sa ki asèlman sèksyèl dapre Title IX?**

Tit IX defini asèlman sèksyèl kòm konduit ki baze sou sèks ki satisfè youn oswa plizyè nan bagay sa yo:

1. Bay yon èd, yon avantaj oswa yon sèvis ki gen rapò ak lekòl, deyò lekòl oswa yon lòt sèvis nan Distri a ki baze sou patisipasyon yon moun avèk yon konduit sèksyèl

endezirab, oswa refize èd, avantaj, oswa sèvis sa yo akòz yon moun ki refize patisipe nan konduit seksyèl endezirab sa yo;

2. Konduit endezirab yon moun ki rezonab ta konsidere kòm bagay ki grav, ki anvayisan, epi ki volontèman chokan ki fè yon moun pa gen aksè ekitab yon fason ki efikas nan pwogram edikasyon oswa aktivite Distri a; oswa

3. Agresyon seksyèl, vyolans nan relasyon damou, vyolans famiyal, oswa asèlman

### **Ki jan Distri a trete rapò sou asèlman seksyèl yo?**

Distri a pran tout rapò sou asèlman seksyèl vrèman oserye epi li trete yo rapid epi yon fason ki efikas.

Yo ankouraje tout elèv ak anplwaye yo pou yo rapòte asèlman seksyèl yo bay Distri a. Anplis de sa, **tout anplwaye** Distri a ki temwen oswa ki enfòmè sou yon diskriminasyon seksyèl yo sispèk, asèlman seksyèl, oswa vyolans seksyèl, yo **oblige** rapòte sa bay Kowòdonatè Title IX Distri a. Si yo pa fè sa, sa ka lakòz sanksyon disiplinè ki ka rive jiska sispansyon ak/oswa revokasyon.

Lè yo resevwa yon rapò sou asèlman seksyèl nan yon pwogram oswa aktivite edikatif, Kowòdonatè Title IX la pral kontakte **moun ki pote plent lan** -- ki se moun ki swadizan viktim nan konduit ki ta ka reprezante asèlman seksyèl la -- pou diskite sou disponiblite mwayen pou sipò yo ak pou eksplike pwosesis pou depoze yon plent fòmèl pou asèlman seksyèl.

Jan règleman Title IX la egzije sa, **akize a** – ki se moun ki swadizan gen konduit ki ta ka reprezante asèlman seksyèl la – pa pral konsidere kòm pa responsab jiskaske finalman yo fè yon lòt konklizyon. Anplis de sa, selon règleman Title IX la, akize a gen dwa ekitab pou jwenn mwayen sipò pandan tout pwosesis ankèt la ak jijman Title IX la.

### **Ki sa yon plent fòmèl sou asèlman seksyèl ye?**

Pou yo konsidere l kòm yon plent fòmèl pou asèlman seksyèl, dokiman plent lan - ki se swa yon kopi papyè reyèl moun ki fè plent lan siyen oswa yon soumisyon elektwonik ki gen siyati fizik oswa nimerik moun ki pote plent lan, oswa nan yon lòt fason, ki endike moun ki fè plent lan se moun ki depoze plent fòmèl la -- moun ki fè plent lan dwe depoze plent lan oswa Kowòdonatè Title IX la ap siyen plent lan nan non moun ki fè plent lan.

Dokiman plent ekri a dwe denonse yon asèlman seksyèl kont yon akize, bay detay sou lè, kote, ak nati asèlman sa a, epi sa **dwe mande** pou Distri a mennen ankèt sou akizasyon asèlman seksyèl la.

Nan moman kote yo depoze yon plent fòmèl, moun ki fè plent lan dwe patisipe oswa eseye patisipe nan pwogram oswa aktivite edikatif Distri a.

### **Èske gen swadizan konduit ki pa reprezante yon plent pou asèlman seksyèl?**

Nan kèk sikonstans, yon plent fòmèl pou asèlman seksyèl ka pa ka soumèt ak konpetans Title IX ak pwosesis doleyans Distri a.

**TANPRI SONJE:** Malgre sa ki endike anwo a, epi menmsi pwosesis ankèt la ak jijman selon Title IX la pa t finalize, akize a ka toujou soumèt ak pwosedi disiplinè ki diferan ak Title IX la si Distri a detèmine li te vyole yon règleman Konsèy la te pibliye, y ap sanksyone vyolasyon sa a pa mwayen yon sispansyon ak/oswa ekspilsyon swa grasa politik Konsèy la oswa grasa lwa Connecticut.

### **Èske yon Moun ki te fè Plent ka retire yon plent asèlman seksyèl?**

Wi. Si pou nenpòt rezon yon moun ki te fè plent deside pa pouswiv yon akizasyon asèlman seksyèl ankò, li ka retire plent fòmèl la alekri nenpòt ki lè, menm apre konklizyon ankèt la sou plent lan, men anvan yo pibliye konklizyon yo te jwenn nan.

**Tanpri Sonje:** Si w retire plent lan, sa pral mete fen nan ankèt la epi sa pral lakòz plent la anile.

**TANPRI SONJE TOU:** Anile yon plent fòmèl sou asèlman seksyèl pou nenpòt nan, oswa selon, rezon ki pi wo yo pa anpeche aksyon nan kad yon lòt règleman disiplinè nan Distri a si konduit ki konsène a konsidere kòm vyolasyon yon règleman Konsèy la pibliye, yon vyolasyon ki lakoz yon sispansyon oswa yon ekspilsyon, selon règleman Konsèy la oswa lwa Connecticut.

### **Èske Distri a gen yon pwosesis pou trete, ankete epi deside sou plent fòmèl asèlman seksyèl yo?**

Wi. Plent fòmèl sou asèlman seksyèl deklannche pwosesis doleyans ki preskri nan Title IX ak règleman li yo.

## **ENTÈDIKSYON KONT MENAS, ENTIMIDASYON OSWA ZAK VYOLANS**

Menas oswa entimidasyon nan entansyon pou konvenk oswa dekouraje pati yo pou yo rapòte oswa depoze plent fòmèl selon Title IX ak Tretman Doleyan sa a oswa pou yo patisipe nan ankèt ak/oswa rezolisyon plent fòmèl sa yo, ki gen ladan kòm pati oswa kòm temwen, entèdi yon fason fòmèl e yo dwe sibi sanksyon disiplinè, ki gen ladan jiska ekspilsyon pou elèv ki patisipe nan konduit sa yo ak jiska revokasyon pou anplwaye ki fè sa.

Anplis de sa, zak vanjans kont nenpòt pati oswa temwen paske yo te rapòte diskriminasyon sèksyèl, ki gen ladan asèlman seksyèl, paske yo te depoze yon plent fòmèl, oswa paske yo te patisipe nan ankèt ak/oswa rezolisyon plent fòmèl sa yo totalman entèdi, epi moun yo te jwenn ki gen konduit sa a pral sibi sanksyon disiplinè, ki gen ladan jiska ekspilsyon pou elèv yo ak jiska revokasyon pou anplwaye yo.

Anplis de sa ki pi wo a, si yo ta jwenn yon moun koupab paske l te depoze ak pouswiv yon plent fòmèl nan move entansyon, konnen li san fondasyon epi li fèt sèlman pou blese, takinen, fè vanjans

kont, oswa nan yon lòt fason pou deranje pozisyon ak repitasyon yon anplwaye oswa yon elèv, yo pral sibi sanksyon disiplinè, ki gen ladan jiska ekspilsyon pou elèv yo ak jiska revokasyon pou anplwaye yo.